

 <p>NEW YORK STATE OF OPPORTUNITY.</p> <p>Parks, Recreation and Historic Preservation</p> <p>Seksyon: Operasyon yo</p>	<p>Tit Règleman: Règleman sou Aksè</p> <p>Direktiv: OPR-POL-001</p> <p>Dat mizanplas: 06/26/2015</p>
--	---

Rezime

OPRHP (Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik) pran angajman pou fè tout efò rezonab pou asire vizitè ki gen tout kapasite gen aksè epi ka itilize tout etablisman ajans lan, pwogram yo, ak sèvis yo. Ajans lan pral asire konfòmite ak Americans with Disabilities Act (Lwa sou Ameriken ki Andikape), New York State Building Code (Kòd Konstriksyon Eta New York), ak dispozisyon New York State Human Rights Law (Lwa sou Dwa Moun Eta New York) yo pou fè akomodasyon piblik pou amelyore aksè pou tout manm piblik la.

Règleman

Aksè nan pak leta yo, sit istorik epi pwogram ak sèvis ajans lan ofri yo dwe reyalize atravè konsepsyon fizik, ekipman rekreyasyon espesyalize ki ka adapte, resous moun ka entèprete, ak akomodasyon rezonab.

- Tout enstalasyon ak santye ki fèk konstwi oswa ki gen anpil renovasyon ap konfòme yo ak estanda konsepsyon sou aksè ki pi aktyèl yo.
- Yo pral evalye tout enstalasyon ak santye ki deja egziste yo pou verifye konfòmite avèk estanda ki pi aktyèl yo epi yo pral devlope epi aplike yon plan pou ratrapaj nan tout karakteristik ki pa konfòme yo. Nan pwopriyete ki elijib oswa ki liste nan Rejis Leta oswa Rejis Nasyonal nan Andwa Istorik, plan pou ratrapaj lan dwe devlope an konsiltasyon ak State Historic Preservation Office (Biwo sou Konsèvasyon Istorik Leta) epi ann akò ak règleman OPRHP yo sou pwoteksyon resous kiltirèl.
- Tout pwogram epi sèvis ki fèk devlope ajans la ofri piblik la ap konfòme yo ak estanda aksè ki pi aktyèl yo.
- Yo pral evalye tout pwogram epi sèvis ki egziste deja pou verifye konfòmite ak estanda ki pi aktyèl yo epi y ap etabli epi aplike yon plan ratrapaj pou tout sa ki pa konfòm yo.

- Yo pral adrese tout demann pou aranjman rezonab yo bay anplwaye etablisman an epi yo pral reyalize yo mezi sa posib.
- Chèz woulant yo otorize nan nenpòt zòn ki louvri pou pyeton itilize. Yo defini yon chèz woulant kòm yon aparèy ki fonksyone manyèlman oswa ki fonksyone ak kouran, ki fèt prezizeman pou yon moun ki gen yon andikap mobilite kote objektif prensipal la se deplase andedan ak / oswa deyò.
- Ann akò ak dokiman oryantasyon OPRHP yo, yo pral pèmèt moun ki gen andikap mobilite itilize lòt aparèy mobilite ki fonksyone ak kouran ("OPDMD") nan tout kote ki apwopriye nan pak leta yo epi nan sit istorik yo, sof si yo: a) prezante yon danje sekirite pou itilizatè a oswa lòt manm nan piblik la ki sèvi ak etablisman an; oswa b) ap lakòz yon enpak negatif sou resous natirèl oswa istorik yo. Pèmi ki bay nan etablisman an pral obligatwa pou sèten aparèy epi enskripsyon kapab obligatwa, kou yo rive nan etablisman an. Yo ka etabli epi yo dwe afiche ak / oswa enkli nan pèmi yo limit vitès rezonab ak lòt kondisyon ki gen rapò ak sekirite. Nan kèk ka, yo ka pèmèt OPDMD pandan kèk peryòd, men yo ka ekskli yo pandan peryòd gwo itilizasyon yo. Pa egzanp, yo ka pèmèt yo sou yon chemen presi pandan jou lasemèn, men wikenn pa ladann lè gen anpil vizitè, paske li gendwali danjere pou sèvi ak li sou chemen an lè sa.
- Yo pral pèmèt bèt sèvis ki antrene endividyèlman pou fè travay oswa reyalize aktivite pou benefis yon moun ki gen andikap nan tout lokal yo, kèlkeswa lòt restriksyon nan règleman bèt ki genyen, sof si prezans yo poze yon danje pou tèt yo oswa pou piblik la ki sèvi ak etablisman an. Sètifikasyon oswa idantifikasyon kòm yon bèt sèvis pa obligatwa epi yo pa ta dwe mande li. Yo pa dwe mande yon moun dewale andikap li nan okenn sikonstans. Lè li pa parèt nesèsè pou itilize yon bèt sèvis, yo ka mande mèt la: a) si bèt la obligatwa akòz yon andikap; epi b) ki travay bèt la antrene pou li fè. Chen terapi yo defini kòm sila yo ki bay sipò terapeitik oswa emosyonèl. Chen terapi yo se pa bèt sèvis epi yo ka trete yo ann akò ak règleman pou bèt nan etablisman an.
- Enfòmasyon sou etablisman ak pwogram ki aksesib yo pral disponib fasilman nan sit entènèt ajans nou an epi nan etablisman nou yo, epi yo pral enkli nan piblikasyon ak materyèl enfòmasyon yo.
- Anplwaye ajans yo ki gen kòm responsablite entèraksyon ak piblik la pral resevwa fòmasyon pou yo konprann responsablite yo epi kijan pou reponn demann pou enfòmasyon ak pou aranjman rezonab yo.
- Ajans lan pral itilize yon Gwoup Konsiltatif ki gen ladan manm ki reprezante moun ki gen divès kalite andikap.

Lòt Enfòmasyon Ki Gen Rapò

New York State Human Rights Law (Lwa sou Dwa Moun nan Eta New York), Atik 15

Americans with Disabilities Act (Lwa sou Ameriken ki Andikape)

New York State Building Code (Kòd Konstriksyon Eta New York)

OPRHP Interim Guidance Document Regarding Use of Other Power-Driven Mobility Devices
in NYS Parks and Historic Sites (October 14, 2011)

(Dokiman Konsèy Pwovizwa OPRHP Konsènan Izaj Lòt Aparèy Mobilite ki Fonksyone ak
Kouran nan Pak Eta NY yo ak Sit Istorik yo, 14 Oktòb 2011)

Istwa

09/07/2011 Règleman sou Aksè Komisyonè Rose Harvey pibliye.

06/26/2015 Yo fè chanjman minimòm nan kontni a lè yo revize epi yo fòmate Règleman
2011 la.